

Llame al 311 (TTY: 212-504-4115) o visite NYC.gov/oem para obtener acceso a este folleto en español.

Pour obtenir une brochure en français, appelez le 311 (TTY : 212-504-4115) ou visitez notre site Web à l'adresse suivante : NYC.gov/oem.

Rele 311 (TTY: 212-504-4115) oswa vizite NYC.gov/oem pou jwenn tiliv sa a an Kreyòl.

Telefonować pod nr 311 (teletext dla osób z upośledzeniem słuchu: 212-504-4115) lub wejść na stronę NYC.gov/oem, aby przeczytać broszurę w jęz. polskim.

Звоните 311 (TTY: 212-504-4115) или посетите NYC.gov/oem чтобы получить эту брошюру на русском языке.

한국어로 된 브로셔 입수를 원하시면 311 (TTY: 212-504-4115) 로 전화하시거나 또는 NYC.gov/oem 을 방문하십시오.

請致電 311 (TTY: 212-504-4115) , 或訪問 NYC.gov/oem , 查看中文版的手冊。

اطلب هاتف رقم 311 (TTY: 212-504-4115) أو قم بزيارة موقع الإنترنت NYC.gov/oem لقراءة هذا الكتيب باللغة العربية.

اطلب هاتف رقم 311 (TTY: 212-504-4115) أو قم بزيارة موقع الإنترنت NYC.gov/oem لقراءة هذا الكتيب باللغة العربية.

বাংলায় তথ্যপুস্তিকাটি পেতে হলে 311 (TTY: 212-504-4115) নম্বরে টেলিফোন করুন অথবা NYC.gov/oem ওয়েবসাইটে আসুন।

# NEW YORK TOUJOU PARE

## KISA POU FÈ SI GEN SITIYASYON IJAN NAN NEW YORK CITY

**NYC**

Office of Emergency Management  
Bill de Blasio, Mayor



# TAB DÈMATYÈ

## PREPARASYON FONDAMANTAL 4

Kisa pou fè nan katastwòf	4
Kisa pou mete nan Go Bag	5
Lis bagay ki nesèsè nan twous pou sitiyasyon ijan	5

## LOJMAN AK EVAKYASYON NAN SITIYASYON IJAN 6

Evakyasyon	6
Ki kote pou ale lè gen katastwòf	7
Jwenn lojman sipilas	7

## REKONÈT DANJE NAN NEW YORK CITY 8

Lametyo pandan sezon livè	8
Kisa pou fè si gen move tan	9
Kisa pou fè si gen louwagan ak tanpèt sou litoral vil la	10
Kisa pou fè si gen wo gwo chalè	11
Kisa pou fè lè sèvis piblik koupe	12
Kisa pou fè lè gen eksplozyon ak bildin ki kraze	13
Kisa pou fè lè gen tranblemanntè	13
Kisa pou fè lè gen dife	14
Kisa pou fè lè gen monoksid kabòn	15
Kisa pou fè lè gen materyèl danjre, pèt pwodui chimik ak kontak nan radyasyon	16
Kisa pou fè lè gen epidemi maladi ak evenman biyolojik	17
Kisa pou fè lè gen teworis	17

## KI BAGAY ESPESYAL POU KONSIDERE 18

Moun ki nan laj ak moun ki gen andikap	18
Pwoblèm sante mantal	19
Kisa pou w fè si w nan sòbwe	19
Kisa pou w fè si w gen gen bèt kay	20

## KISA POU FÈ SI W VLE EDE 21

## MEN YON LIS LÒT RESOUS SIPLEMANTÈ 22

## KIJAN POU PRAN KONTAK AK VIL LA 22

## KAT ENFÒMASYON POU SITIYASYON IJAN 23

**Kijan pou pare pou nenpòt ijans ka yon bagay fasil depi preparasyon pou li fèt bonè. Kontwole pou tout moun lakay ou mete ansanm pou tabli ki plan pou tout moun suiv, mete ansanm bagay ki nesèsè pou yon sitiyasyon ijan epi konprann danje ki ka genyen. Aprann kijan moun lakay ou ka pran kontwòl si gen yon sitiyasyon ijan.**

Remèsiman pou foto

Kouvèti : Mark Clampet, OEM  
Paj #10 : Jonathan Gaska, Queens CB 14  
Paj #11 : Spencer T. Tucker  
Paj #12-13 : Mark Clampet, OEM  
Paj #14 : FDNY

# PREPARASYON FONDAMANTAL



## KISA POU FÈ NAN KATASTWÒF



Li enpòtan pou prepare epi eseye suiv plan pou suiv si ta gen katastwòf natirèl ak tout moun lakay ou yo pou n ka konnen kisa pou fè, kijan pou n jwenn youn lòt, epi kijan pou n ka kominike si ta gen yon sityasyon ijan.

- Deside kote tout moun lakay ou yo va rankontre apre yon katastwòf natirèl. Chwazi de (2) kote pou n rankontre : premye kote a ta dwe tou pre lakay ou epi lòt kote a andeyò vwazinaj lakay ou, sètadi bibliyotèk, sant kominotè oswa kay yon zanmi.
- Eseye soti nan tout soti kay la epi nan tout wout nan vwazinaj lakay ou.
- Chwazi yon zanmi oswa fanmi ki nan lòt leta pou tout moun lakay ou rele moun sa a si n separe pandan yon sityasyon ijan. Si tout nimewo telefòn nan New York City okipe, alò li ka pi fasil pou w plase yon koutfil andeyò (long-distance). Moun nou chwazi pou n rele andeyò leta a ka ede n kominike youn ak lòt.
- Sonje tout sa moun lakay ou bezwen, san w pa bliye moun aje, moun ki gen andikap, timoun ak sa ki pa pale anglè.
- Achte bon asirans ki ka ede n. Si w lwe kote w rete a, asirans lokatè ou achte a va kouvri tout sa ou gen nan apatman w lan. Si w se pwopriyete kay, fè ansòt pou w gen pou bon asirans nesese pou kay ou a - domaj inondasyon dlo ak van pa kouvri nan asirans fondamantal pou pwopriyete kay.
- Konnen ki wout soti ijan ki genyen nan bildin kote ou ale anpil, bildin tankou kote w ap travay epi nan lekòl oswa gadri pitit ou.

## LIS BAGAY KI NESESÈ NAN « GO BAG »



Tout moun kay sipoze gen yon Go Bag pèsonel - sètadi yon sak ki gen bagay k ap itil si n ta gen pou evakye. Tout Go Bag chak moun fèt pou solid, leje epi fasil pou pote ale, tankou yon sak yo mete sou do. Fòk ou gen yon Go Bag pare epi soulamen si jamè ou ta bezwen li.

### Men kèk bagay pou mete nan Go Bag la :

- Mete fotokopi tout dokiman enpòtan nan yon sache plastik pou yo pa mouye (sètadi kat asirans, batistè, kontra, pyès didantite, elatriye)
- Kopi kle machin ak kle kay
- Fotokopi tout kat kredi, kat ATM ak enpe lajan kach
- Boutèy dlo ak manje ki pa p pouri, tankou energy bar ak granola bar.
- Flach
- Tranzistò AM/FM ki mache ak pil, ak lòt pil siplemantè
- Lis ki gen non tout medikaman moun kay la pran ansanm ak enfòmasyon sou dòz medikaman yo, oswa fotokopi tout preskripsyon yo san pa bliye non epi nimewo telefòn tout doktè
- Twous sekou
- Padesi leje epi kouvèti Mylar
- Enfòmasyon sou kote pou n rankontre ak ki moun pou n pran kontak pou tout moun lakay ou, epi yon kat jeyografik rejyon an
- Swen timoun, bèt kay ak lòt bagay espesyal

## LIS BAGAY NESESÈ NAN TWOUS POU SITYASYON IJAN



Kenbe ase manje lakay ou pou w gen manje pou omwen twa jou apre yon sityasyon ijan. Kenbe tout manje sa yo nan resipyan oswa bifèt ki soulamen.

### Manje nou sijere :

- Yon galon dlo pa jou pou chak moun
- Manje nan bwat ki pa p pouri epi ki pa bezwen kuit, ak yon kle pou louvri yo
- Twous sekou
- Flach
- Tranzistò AM/FM ki mache ak pil, ak lòt pil siplemantè
- Siflèt
- Konprime yòd ak yon ka klowòks ki pa gen sant (pou dezenfeksyon dlo SÈLMAN si reprezantan leta yo di pou sèvi ak li) epi yon kontgout pou mete klowòks la nan dlo)
- Yon telefòn ki pa bezwen sèvi ak kouran elektrik pou l mache
- Swen timoun, bèt kay ak lòt bagay espesyal

**Kesyon :** Kote m ka jwenn tout bagay sa yo ?

**Repons :** Anpil nan bagay ki make la yo disponib sou entènèt la oswa nan makèt, famasi osnon magazen lame tou pre lakay ou. Tcheke epi chanje bagay sa yo de fwa nan ane a, sètadi chak fwa nou vanse oswa rekile lè sou tout mont yo.

# LOJMAN AK EVAKYASYON NAN SITIYASYON IJAN



## EVAKYASYON



Nan kèk sityasyon, li ka nesèsè pou w kite kay ou epi kote vwazinaj ou a. Reprèzantan leta ap sèvi ak televizyon, radyo oswa ap la pou di w lè pou evakye. Pou evakyasyon obligatwa, New York City mande pou moun ki evakye rete ak zanmi oswa ak fanmi ki rete andeyò zòn ki evakye.

**K** : Ki lè pou m evakye ?

**R** : Se pou evakye si w gen danje imedya.

**R** : Se pou evakye lè yon reprèzantan leta di pou w evakye.

### Lè w ap evakye :

- Si w gen tan, byen fèmèn kay ou. Fèmèn epi klete tout fenèt ak pòt, epi dekonekte tout bagay anvan w ale.
- Mete soulye ki solid epi rad ki konfòtab epi k ap pwoteje w.
- Pran Go Bag ou an.
- PA pran asansè si gen ijans sofsi reprèzantan leta di w ou ka pran l.
- Sonje wout evakyasyon chanje dapre ki ijans ki genyen kifè li enpòtan pou konn sa k ap pase, kifè koute nouvèl, ale nan [www.NYC.gov](http://www.NYC.gov), oswa rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115) pou tout dènye enfòmasyon.
- Ale nan chèlètè oswa kote w ap an sekirite ki pi pre w lan.

## KI KOTE POU ALE NAN SITIYASYON IJAN



Pou moun ki pa gen okenn lòt kote pou yo rete, ap gen lojman piblik (chèlètè) disponib. Chèlètè yo chanje dapre ki ijans ki genyen kifè li enpòtan pou konn sa k ap pase, kifè koute nouvèl, ale nan [www.NYC.gov](http://www.NYC.gov), oswa rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115) pou tout dènye enfòmasyon. Ale ak nan chèlètè a ak Go Bag ou a.

### Enfòmasyon fondamantal sou chèlètè :

- Si ta gen katastwòf, chèlètè yo ta ka nan lekòl, nan batiman leta epi nan legliz.
- Si w kapab, pote rad, kote pou dòmi ak bagay pou benyen ak ou nan chèlètè a. Sèl bagay y ap ofri se dlo epi ti manje.
- Li entèdi pou gen tafya, zamafe ak dwòg nan chèlètè katastwòf yo.

## JWENN LOJMAN SIPLAS



Yo ka mande w, nan kèk sikonstans, pou w rete kote ou ye a. Ki vle di ou ka gen pou rete anndan kay pandan reprèzantan leta yo ap netwaye danje ki tou pre deyò a, osnon yo ka mande w fèmèn tout fenèt epi bouche tout twou kote lè pase pou anpeche lè ou respire a kontamine. Li enpòtan pou reyaji vit epi suiv sa reprèzantan leta yo di w lè yo mande w rete kote w ye a.

**K** : M ap gen pou m rete konbyen tan kote mwen ye a ?

**R** : Gen anpil chans pou yo mande w rete kote w ye a pandan detwazè. Siveye pou wè kisa reprèzantan leta yo di w fè.

**K** : E si pitit mwen yo lekòl ?

**R** : Tann pou pa gen okenn danje ankò epi tann pou gen pèmisyon deplase anvan w al chèche yo lekòl. Lekòl yo gen pwosesis chèlètè ki tabli nan lekòl la. Si nan yon sikonstans ijan ou kite kote san danje kote ou ye a, se mete w ap mete ni oumenm ak ni lòt moun nan danje.

Chwazi yon chanm ki pa gen anpil pòt ak fenèt pou chèlètè si l ta nesèsè. Li ta bon si chanm sa a mezire omwen 10 pye kare pou chak moun.

### Infwa ou anndan :

- Si w gen tan, fèmèn vantilasyon chimne, fenèt ak pòt yo.
- Infwa reprèzantan leta yo pase lòd, etenn tout aparèy vantilasyon epi fèmèn tout pòt yo.
- Sèvi ak twous pou sityasyon ijan epi ak Go Bag ou a.
- Koute emisyon radyo oswa televizyon lokal pou tout dènye enfòmasyon.

# REKONÈT DANJE NAN NEW YORK CITY



## LAMETEOY PANDAN SEZON LIVÈ



Lè gen livè nan New York City li vle di ke fè frèt anpil, gen anpil lanèj, glas, ti moso glas ak lapli ki frèt e tout sa ka gwo danje.

### Lè w deyò :

- Byen kouvri kò w ak plizyè rad epi pa kite kò w mouye. Mete chapo, echap nan kou w epi manto pou anpeche w mouye.
- Kouvri bouch ou pou w anpeche lè frèt la antre nan poumon w.
- Rechofe misk ou anvan ou fè gwo aktivite epi bwè anpil dlo. Pa fè twòp efò lè w ap pouse lanèj sou kote.

### Kijan pou chofe kay san danje :

- Rele nan nimewo 311 (TTY : 212-504-4115) pou yon enspeksyon dife si w panse chofaj ou a pa mache byen.
- Sèlman sèvi ak aparèy chofaj ki pou sèvi anndan kay.
- Pinga sèvi ak fou oswa ak recho pou chofe kay la.
- Mete tout bagay ki boule fasil, tankou mèb, rido ak tapi pi lwen pase twa pye tout kote ki bay chalè. PA JANM vlope rad pou seche sou chofaj pòtatif.
- Toujou voye zye sou tout aparèy chofaj. Pinga janm kite timoun pou kont yo nan chanm ki gen yon chofaj pòtatif ki limen. Etenn li si w pa ka siveye l byen.
- Pa ploge twòp bagay sou menm sikui elektrik la.

**K** : Kisa mwen ka fè si m ap pèdi chofaj?

**R** : Si w pa gen chofaj, rele manadjè oswa chèf sèvis bildin lan Si chofaj la pa rekonekte, alò rele New York City Department of Housing Preservation and Development nan nimewo 311 (TTY : 212-504-4115).

## KISA POU FÈ SI GEN GWO MOVE TAN



Si gen gwo move tan, tankou loraj, gwo lapli ak toubyon, koute radyo osnon gade televizyon pou konnen sa k ap pase. National Weather Service founi previzyon, avètisman ak lòt enfòmasyon 24 sou 24 sou lameteyo.

### Konsèy sou kisa pou fè lè gen move tan :

- Mete planch bwa oswa jalouzi metal sou fenèt anvan move tan an kòmanse.
- Byen mare tout bagay ki deyò tankou mèb lakou ak bwat fatra ke van ka voye ale e ki ka kraze lòt bagay oswa fwape moun.
- Anvan move tanpèt la kòmanse, pa bliye fèmen gaz ak elektrisite pou anpeche gen pwoblèm ak aparèy kay ou yo.
- Si w se pwopriyetè kay e gen anpil chans pou dlo lapli antre nan kay ka, fòk ou mete yon ponp k ap wete dlo a.

### Kisa pou fè lè gen loraj :

- Pa manyen bagay ki fèt ak fè, aparèy elektrik ak telefòn. Pa sèvi ak dlo wobinèt epi ak dlo ki konekte nan yon sistèm plonbri. Zeklè ka suiv wout fil elektrik ak wout tiyo.
- Si gen gwo gwo loraj, se pou antre anndan yon bildin san w pa mize. Si w bloke deyò e pa ka antre anndan, bese ba atè pou w pa wo e pou zeklè a pa boule w. Men pa kouche atè a. E pa kache anba okenn pyebwa.
- Pa rete pre okenn fil elektrik ki tonbe atè a.

### Kisa pou fè si gen inondasyon dlo :

- Si w wè osnon ou tande dlo k ap monte nan gwo vitès se pou w chèche yon kote pou monte oumenm pi wo pase dlo a.
- Pinga w eseye kondui machin nan dlo ki chita. Pa travèse dlo k ap koule ki ka pi fon pase jenou.

### Kisa pou fè si gen toubyon :

- Desann nan bezment oswa nan pati kay ou ki pi ba, osnon ale nan yon chanm ki nan mitan kay la e ki pa gen okenn fenèt. Si w pa ka jwenn kote pou kache, alò antre nan kannivo osnon yon kote ki kouvri.



## KISA POU FÈ SI GEN LOUWAGAN AK TANPÈT SOU LITORAL VIL LA

6

Poutèt jewografi, moun ki abite ak kantite batiman ki nan New York City, tanpèt sou litoral vil la ka lakòz gwo dega ak sitiasyon difisil pi plis nan zòn ki pi ba pase nivo lanmè a kote gen pi plis chans pou gen inondasyon dlo.

- Chache konnen depi anvan louwagan an kòmanse si kote ou abite a se yon kote ki pou evakye lè gen louwagan. Pran kontak ak **Hurricane Evacuation Zone Finder** OEM nan [www.NYC.gov/hurricanezones](http://www.NYC.gov/hurricanezones), osnon rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115).
- Suiv sa lameteyo epi koute emisyon radyo epi televizyon National Weather Service.
- Si ta gen tanpèt se pou mare tout bagay ki deyò, mete planch bwa sou fenèt yo epi mete tout bagay ki gen valè nan plastik pou yo pa mouye.
- Ede moun nan vwazinaj la epi tout zanmi ki ta bezwen moun ede yo pare pou tanpèt la.

Pou w resevwa yon kopi ti liv « New York toujou pare » : Louwagan nan New York City, rele nimewo 212-504-4115) osnon jwenn ti liv la nan [www.NYC.gov/readyny](http://www.NYC.gov/readyny).



## KISA POU FÈ SI GEN GWO GWO CHALÈ



Pandan sezon lete a, moun New York gen anpil chans pou yo soufri maladi chalè, tankou kramp chalè, fatig poutèt chalè epi koudchalè. Pa bliye pou tcheke tout moun nan vwazinaj la ki ta bezwen moun ede yo lè fè cho, sètadi timoun, moun aje ak moun ki soufri maladi kwonik osnon ki bezwen sipò espesyal.

### Pran prekosyon pou pa gen okenn maladi chalè lakòz :

- Pa rete nan solèy epi rete nan lonbraj oswa anba estò. Si w nan solèy mete pwoteksyon solèy ki gen omwen yon pwoteksyon SPF 15.
- Mete rad leje, koulè pal epi ki pa sere k ap kouvri w anpil pou anpeche solèy la boule po w.
- Pa fè okenn aktivite ki mande jefò.
- Bwè anpil dlo. Pa bwè tafya ak bwason ki gen kafeyin landan li.
- Si w gen èkondisyone, pa mete tanperati pi ba pase 78 degre lè gen gwo chalè.
- Pinga kite timoun, bèt kay ak moun ki bezwen moun ede yo nan machin ki stasyonnen lè gen gwo chalè nan sezon lete.
- Men wè si w ka ale nan pisin piblik oswa nan magazen ki gen èkondisyone k ap mache.
- Lè tanperati a sipoze cho anpil, New York City louvri **sant refwadisman** nan bildin piblik ki gen èkondisyone k ap mache pou ofri moun soulajman nan chalè a. Rele nan nimewo 311 (TTY : 212-504-4115) osnon ale nan [www.NYC.gov/oem](http://www.NYC.gov/oem) lè fè cho anpil pou w jwenn yon sant refwadisman osnon yon pisin ki tou pre.

Pou w resevwa yon kopi bwochi New York toujou pare : Konbat chalè, rele nimewo 311 (TTY: 212-504-4115) osnon ale nan [www.NYC.gov/oem.oem](http://www.NYC.gov/oem.oem).



## KISA POU FÈ LÈ SÈVIS PIBLIK KOUPE



Konnen kisa pou fè lè gen yon sèvis piblik ki koupe lakay ou.

### Si pa gen kouran elektrik :

- Rele konpayi kouran eletrik la tousuit pou di yo sa. Nimewo ConEdison 24 sou 24 la se : 800-752-6633 (TTY : 800-642-2308) Nimewo KeySpan 24 sou 24 la se : 718-643-4050 (TTY : 718-237-2857)
- Etenn tout aparèy ki va limen poukont yo lè kouran elektrik la tounen.
- Li posib pou sèvis telefòn pòtab ak sèvis telefòn nan entènèt pa mache lè pa gen kouran. Mete soulamen yon telefòn ki pa mache ak kouran elektrik.
- Pou anpeche manje gate, li enpòtan pou kenbe pòt frijidè ak pòt frizè fèmen.
- Pa bliye fil elektrik ki atè osnon k ap pann ka toujou danjre.
- Pa limen chabon anndan kay.
- Pinga sèvi ak fou oswa ak recho pou chofe kay la.
- Pa mete dèlko anndan kay. Dèlko a ka pwodui monoksid kabòn ki se yon danje.

### Kisa pou fè si sèvis telefòn lan pa mache :

- Sèvi ak yon sèlilè pou w rele konpayi telefòn lan pou yo sa konnen telefòn ou pa mache.
- Pa bliye ke telefòn pòtab ka pa mache lè pa gen kouran.

### Kisa pou fè si gen gaz ki chape :

- Se pou soti deyò tousuit. Epi rele nimewo 911.
- PINGA fimen, limen brikè ak alimèt.
- Si gen gwo sant gaz, pinga sèvi ak telefòn epi pa limen okenn limyè ak okenn aparèy elektrik - poutèt ke nenpòt ti etensèl ka fè dife pran.

### Kisa pou fè si gen pwoblèm dlo ak pwoblèm egou :

- Si w wè dlo k ap monte soti atè oswa sou wout la, osnon ou panse gen twou nan gwo tiyo dlo yo, rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115) pou pran kontak ak Depatman pwoteksyon anviwònman (DEP) an.
- Si w pa gen dlo osnon pa gen gwo presyon dlo, rele DEP nan nimewo 311 (TTY : 212-504-4115).
- Si w ta renmen konnen si w ka bwè dlo wobinèt, reprezantan leta yo va di w sa pou fè, yo va di w si w gen pou bouyi dlo oswa trete dlo wobinèt la anvan pou bwè li.
- Si gen mank dlo, reprezantan leta yo va mande w pa gaspiye dlo. Si gen gwo mank dlo, ka gen gwo règleman sou jan pou sèvi ak dlo.

## KISA POU FÈ LÈ GEN EKSPLOZYON AK BILDIN KI KRAZE



Eksplozyon ak bildin ki kraze ka rive si gen domaj nan fondasyon an, gaz ki chape osnon magouy.

### Si w nan eksplozyon osnon nan bildin ki kraze :

- Se pou w soti deyò vit san w pa pèdi san w.
- Si l enposib pou w soti deyò bildin lan ale kache anba yon mèb ki solid.

### Kisa pou fè si gen bagay ki anpeche w soti deyò :

- Kouvri nen w ak bouch ou ak yon mouchwa oswa moso twal ki pa mouye.
- Eseye pa bouje twòp pou pa leve pousyè ki ka danjre si l antre nan poumon w.
- Si w kapab, sèvi ak yon flach pou w wè sa ki akote w.
- Fwape yon tiyo osnon yon mi pou moun tande bwi k ap kite yo konnen kote ou ye. Sèvi ak siflèt si w gen youn. Rele fò sèlman si pa gen lòt solisyon.

### Kisa pou fè si w ap netwaye bagay ki tonbe :

- Mete gan ak soulye gwo semèl.
- Separe epi mete tout bagay ak parèy li (bwa, aparèy elektrik, elatriye).
- Pa manyen bagay ki gen fil elektrik.
- Pa leve okenn bagay ki twò gwo epi twò lou. Mande vwazen, zanmi ak anpwaye sekou ede w.

## KISA POU FÈ LÈ GEN TRANBLEMANNTÈ



Kwak li pa fasil pou gen tranblemanntè nan New York City, moun ki abite nan New York sipoze konnen sa pou fè si ta janm gen ti tranbleman.

### Si ta gen tranblemanntè :

- Mete kò w atè epi kouvri ni tèt ou ni kou w ak ponyèt ou yo.
- Si w kapab, kache anba yon mèb ki solid oswa akote yon mi kay ki pa bay sou deyò.
- Kenbe yon gwo mèb kay epi pare pou w deplase ak li. Rete kote w ye a jistan tranbleman an kanpe.
- Pa bliye ka gen chòk apre, chòk ki konn genyen apre tout tranblemanntè.



## KISA POU FÈ LÈ GEN DIFE



Si alam lafimen lakay ou sonnen osnon si w wè dife, pa pèdi san w. Pa eseye etenn gwo dife.

### Fè plan alavans :

- Mete yon boutèy pwodui chimik sèk ABC pou etenn dife anndan kay la. Pou etenn dife sou recho se pou sèvi ak boutèy mouye seri K pou etenn dife.
- Mete alam lafimen ak alam monoksid kabòn nan kuizin epi nan lespas 15 pye pòt chak grenn chanm.

### Kisa pou fè si ta gen dife :

- Si gen dife lakay ou oswa nan apatman w, fè tout moun soti tousuit epi fèmen (men pa klete) pòt la lè w fin soti.
- Si rad ki sou ou pran dife, **kanpe** kote ye a, **mete** kò w atè, epi **woule** kò w atè a pou etenn dife k ap boule rad ou. Kouvri figi w pou anpeche lafimen a antre nan poumon w.
- Si w rete nan bildin ki wo epi se pa nan apatman w lan dife a ye, pa soti men rete anndan pase pou ale nan koulwa kote gen lafimen. Pa louvri fenèt yo, e pa louvri yo menm si se apatman anba w lan ki pran dife.
- Si w rete nan bildin ki pran dife fasil (anjeneral, bildin ki pa gen plis pase sis etaj), e gen dife nenpòt kote nan bildin lan se pou w kite bildin san w pa pèdi tan. Fèmen tout pòt apre fin travèse yo.
- Anvan pou louvri okenn pòt se pou w manyen pòt la ak do men w. Si pòt la cho, se pou jwenn lòt kote pou soti, sètadi yon echèl sekou.
- Kenbe kò w atè sou planche a - poutèt ke ni lafimen ni chalè monte anwo e lè fre epi pwòp rete atè.
- Rele nimewo 911 yon kote ki pa gen danje, sètadi lakay yon vwazen.
- Si gen bagay ki anpeche w soti, rete tou pre yon fenèt. Fèmen pòt la epi bloke tout twou ak twal mouye pou anpeche lafimen antre.
- Si w panse ou gen danje, sekwe yon twal oswa dra deyò fenèt la pou moun ka wè li.
- Pou pi plis enfòmasyon sou mezi sekirite, ale nan sit entènèt FDNY la nan [www.NYC.gov/fdny](http://www.NYC.gov/fdny), osnon rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115).

## KISA POU FÈ SI GEN MONOKSID KABÒN



Generatè chofaj, chimnen ki bloke oswa ki fele, aparèy chofaj dlo, aparèy chofaj pòtatif, chimnen, fou ak tiyo echapman ka pwodui gwo kantite monoksid kabòn (CO) - yon gaz ki san koule epi san odè - ki danjre. Senptòm moun genyen lè yo pwazonnen ak monoksid kabòn se senptòm menmjan ak lagrip ki vle di li ka bay tèt fèmal, vètij, fatig, doule sou pwatrin, vomi e li ka touye tou.

### Kisa pou fè si w sispèk ou pwazonnen ak monoksid kabòn :

- Louvri fenèt yo.
- Deplase ni oumenm ni lòt moun nan lè fre.
- Rele nimewo 911.
- Rele konpayi sèvis piblik la.

### Konsèy sekirite pou CO :

- Mete alam monoksid kabòn lakay ou epi tcheke li regilyèman pou ka wè si pil la mache. NYC mande pou tout pwopriyetè kay founi epi mete omwen yon alam monoksid kabòn nan yon distans maksimòm 15 pye parapò ak pòt chak grenn chanm kote moun dòmi. Fòk gen alam CO tout kote gen kabiran k ap boule.
- Tcheke pou wè si sistèm chofaj ou a pwòp epi gen bon vantilasyon.
- Chofaj ki mache ak kewozèn danjre epi entèdi nan New York City. Pa chofe kay ou ak fou gaz osnon ak recho gaz.
- Pinga janm sèvi ak recho chabon oswa ak Hibachi anndan kay.
- Tiyo echapman machin gen monoksid kabòn landan li. Louvri pòt garaj la anvan ou limen motè machin ou e pa janm kite motè a limen kote ki fèmen. Netwaye tiyo echapman tout machin osnon kamyon anvan ou limen motè a apre lanèj tonbe.



## KISA POU FÈ LÈ GEN MATERYÈL DANJRE, PÈT PWODUI AK KONTAK NAN RADYASYON



Se toulejou nou sèvi ak materyèl danjre toulede nan kay epi nan biwo. Li enpòtan pou sere, itilize epi jete yo jan pou dwe. Si yon moun lakay ou vale yon bagay ki pwazon, rele nimewo **Kontwòl pwazon an nan 212-POISONS (764-7667), www.NYC.gov, osnon rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115).**

Sizoka gen gwo pèt pwodui chimik oswa gen gwo radyasyon danjre nan New York City, reprezantan leta vil la di tout nouyòkè ki miyè bagay pou fè. Toujou suiv sa reprezantan sitiyouyasyon ijan di w pou fè.

### Sonje ke :

- Si gen yon pèt materyèl danjre, kite epi ale lòt kote, epi deplase nan direksyon opoze van an. Si w gen pou pase kote zòn ki kontamine a se pou w kouvri bouch ou ak nen w ak yon twal ki pa mouye.
- Si pwoblèm pwodui chimik oswa radyasyon an anndan, soti deyò bildin lan san w pa pase nan zòn ki kontamine a.
- Si pwoblèm lan se deyò li ye se pou w deplase ale lwen li epi pwoteje tèt ou. Etenn tout vantilasyon.
- Si w tou pre pwoblèm lan, se pou w kite zòn kontamine a epi se pou w wete tout rad ki sou ou, epi lave kò w ak dlo ak savon.
- Nan kèk sikonstans, apre ou pran kontak ak materyèl danjre, li ka nesèsè pou anpwlaye swen ijan byen fòme dekontamine w.
- Si w pa santi byen, chache jwenn swen doktè opivit posib.

### Gen twa prensip k ap ede diminye kontak ak radyasyon.

**Tan :** Materyèl radyoaktif ap pèdi fòs radyoaktif li piti piti. Rete anndan jistan lapolis di pa gen danje ankò.

**Distans :** Pi gwo distans ki genyen ant oumenm ak sous radyasyon an, mwens danje genyen pou ou. Lapolis ka mande evakyasyon moun ki pre zòn radyasyon an.

**Pwoteksyon :** Mete tout bagay posib ki pwès epi lou ant oumenm ak sous radyasyon an. Lapolis ka mande w rete anndan oswa anba tè pou rezon sa a. Fèmen epi sele tout fenèt yo epi etenn tout sistèm vantilasyon. Si w gen pou pase nan zòn ki kontamine, se pou w kouvri bouch ak nen w ak yon twal ki pa mouye.



## KISA POU FÈ LÈ GEN EPIDEMI MALADI AK PWOBLÈM BIYOLOJIK



New York City kontwole regilyèman epi reyaji lè gen epidemi maladi ak si gen pwoblèm biyolojik

- Pou ogmante chans pou dekouvri epidemi maladi ak atak biyoteworis bonè, depatman sante ak ijyèn mantal (DoHMH) New York City sèvi ak yon sistèm kontwòl sendwomik ki siveye moun ki antre nan sal swen ijan, wout anbilans fè ak sa famasi vann.
- Si gen ijans medikal, New York City ap louvri klinik swen, ki rele POD, ki se klinik espesyal pou distribye antibyotik ak vaksen. Si gen POD ki louvri, se pou w koute nouvel lokal pou w jwenn youn ki tou pre lakay ou, osnon rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115), osnon ale nan www.NYC.gov.

### Kisa pou fè si gen grip pandemik

Depatman swen medikal la anrejistre siy ak senptom ki ka prèv yon grip pandemik. Moun ki gen pwoblèm sistèm iminitè fèt pou gen epi suiv regilyèman bon metòd ijyèn e yo fèt pou resevwa vaksen pou anpeche yon grip pou ka anpeche yon epidemi grip. Si w bezwen pi plis enfòmasyon ou mèt ale nan www.pandemicflu.gov.

### Si gen yon pandemi, moun New York fèt pou :

- Kouvri bouch yo lè yo touse epi nen yo lè yo estène.
- Rete lakay si y ap touse osnon si yo gen lafyèv.
- Lave men yo toutan ak savon osnon ak yon savon likid ki fèt ak alkòl.
- Koute emisyon radyo osnon televizyon lokal pou koute tou dènye enfòmasyon.

## KISA POU FÈ LÈ GEN TEWORIS



Objektif yon teworis se pou fè moun pè. Infwa ou gen bon enfòmasyon ak konesans sou preparasyon fondamantal nan sitiyouyasyon ijan, ou ka gen pwoteksyon nesèsè. Teworis ka sèvi ak diferan metòd ki pote danje, kifè si w pare tèt ou pou diferan danje ki make nan gid sa a, w ap pi byen pare pou tout sòt atak teworis.

Yon bagay ki vreman enpòtan se pou w rekonèt sa k ap pase toutotou w e se pou w fè rapò sou konpòtman moun ki sispèk epi sou sitiyouyasyon ki ka danjre. Si w gen enfòmasyon sou sa ou sispèk ka teworis, rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115) osnon 888-NYCSAFE (692-7233).

### Li enpòtan pou w gen bon enfòmasyon epi aji ak responsablite :

- Chache konfimasyon pou tout rapò nan men moun ki gen bon enfòmasyon tankou gouvènman an ak nouvel. Pa fè teledyòl.
- Pa kite moun ou pa konnen ba w okenn sak oswa valiz e toujou siveye sak ou nan plas piblik.
- Si w resevwa yon sak osnon yon anvlop ki sispèk, alò pa menm menyen li. Rele nimewo 911 ak lapolis. Lave men w ak dlo epi savon tousuit apre ou fin manyen sak la.
- Si w sispèk kèk moun, tankou si ou wè moun k ap antre kote ki entèdi, moun ki mete rad moun pa ta mete pou sezon an, osnon moun ki la pa p fè anyen nan zòn transpò oswa sèvis piblik, ou mèt fè rapò bay lapolis.

# KI BAGAY ESPESYAL POU KONSIDERE



## MOUN KI NAN LAJ AK MOUN KI GEN ANDIKAP



Lè gen ijans ka gen pi plis pwoblèm pou moun aje ak moun ki gen andikap.

### Kifè si oumenm osnon moun lakay ou gen bezwen espesyal :

- Tabli yon plan pou suiv si gen ijans pou tout kote ou ale - lakay, travay, lekòl epi nan vwazinaj la.
- Tabli yon gwoup moun ki ka ede w, sètadi fanmi, zanmi, vwazen ak moun ki travay ak ou pou n detèminen kijan n ap ede youn lòt si ta janm gen ijans.
- Dokiman medikal enpòtan ak enfòmasyon ki ka sove lavi tankou medikaman ak dòz medikaman yo, alèji, aparèy espesyal, asirans medikal, doktè ak ki moun pou rele si gen ijans. Remèt tout moun nan gwoup la fotokopi tout dokiman sa yo.
- Evalye sa w ka fè, sa w pa ka fè, sa w bezwen ak tout sa ki toutotou w pou w ka detèminen ki chanjman ki ka genyen nan tout bagay sa yo si ta gen ijans.
- Si w resevwa swen adomisil, pa bliye moun sa yo nan plan w ap tabli a.
- Si w depann de aparèy medikal ki mache ak kouran elektrik, rele konpayi aparèy medikal la ak konpayi kouran elektrik la pou w gen enfòmasyon nesèsè sou dèlko ak lis kliyantèl aparèy ki ede moun viv.
- Si w depannde livrezon manje osnon gen sèten bagay ou pa ka manje, sere manje ki pa p pouri sizoka pa gen livrezon manje.
- Si w gen bèt kay oswa sèvis bèt, fè plan pou sa bèt kay ou a ap bezwen.

Pou w resevwa yon kopi ti liv New York toujou pare pou moun aje epi pou moun ki gen andikap, rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115) osnon ale nan [www.NYC.gov/oem](http://www.NYC.gov/oem).



## PWOBLÈM SANTE MANTAL



Anpil moun ki nan katastwòf ap gen youn oubyen plis pwoblèm estrès e pwoblèm estrès sa yo ka pa menm pwoblèm la pou tout moun. Men enpe nan pwoblèm estrès moun ka genyen : nève, fatig, pa ka dòmi, kouchma, depresyon, pwoblèm pou konsantre oubyen sèvi ak plis tafya/dwòg.

Timoun gen plis chans pou yo gen pwoblèm emosyon si yo gen estrès apre yon trajedi e apres a timoun ka pè fènwa osnon pè rete poukont yo. Estrès timoun ka genyen ap depann de laj timoun lan. Men ankouraje timoun eksplike kisa yo pè, koute sa yo di san w pa di anyen epi pa bliye fè yo konprann se pa yo ki responsab pou sa ki rive.

### Pou soulaje pwoblèm emosyon yo gen ak estrès, doktè sante mantal sijere ou :

- Pale ak fanmi, zanmi epi vwazen de sa w panse. Li ka ede moun boule ak pwoblèm lapè ak santiman yo genyen lè n pale de menm pwoblèm nou genyen.
- Depi w gen chans li enpòtan pou w rekòmanse fè tout bagay ou te konn fè, eseye manje manje ki bon pou ou epi li enpòtan pou dòmi byen.
- Fè egzèsis toulejou.
- Si w panse move reyaksyon estrès ou twò long osnon si w panse ou pa p refè men yo pi mal, wè si w pa ta wè yon doktè swen sante mantal.
- Si w bezwen pi plis enfòmasyon, yon referans, oubyen si w vle pale ak yon moun, si pou w rele nimewo telefòn sèvis swen mantal 24 sou 24 "LifeNet" New York City k ap ede w an sekre.
  - Anglè : 800-LifeNet (543-3638)
  - Panyòl : 877-Ayudese (298-3373)
  - Lang azyatik : 877-990-8585
  - TTY : 212-982-5284

## KISA POU W FÈ SI W NAN SÒBWE



Si w bloke nan sòbwe pandan nenpòt kalite ijans, se pou w suiv konsèy sa yo :

- Koute tout enfòmasyon yo bay.
- Se pou w rete nan sòbwe a si yo pa di w ou ka soti. Anndan sòbwe a se kote ki gen mwens danje.
  - Si gen lapolis ki mande w soti sou ray tren an, fè atansyon pou w pa manyen twazyèm ray ki gwo a poutèt se limenm menm ki gen kouran elektrik.
- Sant kontwòl sòbwe a pa janm pa an kontak ak anplwaye tren an. Si ta gen pwoblèm ak sistèm wopalè piblik la, w ap wè anplwaye tren yo k ap pwomennen nan tren an pou yo eksplike tout moun kijan pou soti.
- Sèl lè pou rale kòd alam la se si gen moun ki ant sòbwe a lè pòt yo fèmen e sòbwe a ap rale moun lan. Si tren an pa nan estasyon e ou rale alam lan, tren an va rete ki vle li doktè ak lòt èd medikal pa p ka vini nan tren an.
  - Si gen yon ijans e tren an pa nan estasyon tren a, olye pou w rale alam lan se pou w avèti chofè tren an osnon lòt anplwaye tren an ki ka rele lapolis ak sèvis anbilans pou yo rankontre w nan pwochen estasyon tren k ap vini a.

## KISA POU FÈ SI W GEN BÈT KAY



Bèt kay reprezante fanmi pou anpil anpil moun. Li enpòtan pou w pa bliye bèt kay lè w fè plan sou kisa pou fè nan sitiyasyon ijan.

### Konsèy sou ki plan pou fè pou bèt kay si gen ijans :

- Wè si oumenm ak bèt kay ou a ka rete ak zanmi osnon ak fanmi si ta janm gen ijans.
- Chwazi yon bon zanmi, vwazen oswa moun ki okipe bèt kay pou yo siveye bèt kay ou a si ta janm gen yon pwoblèm ki anpeche w tounen lakay ou.
- Wè si veterinè a, gadri bèt kay oswa salon pou bèt kay ka siveye bèt kay ou si ta gen ijans.
- Li enpòtan pou toujou mete chenn, meday vaksinasyon ak pyès didantite sou tout chen ak tout chat.
- Konnen ki kote bèt kay ou renmen kache pou w ka jwenn yo fasil si ta janm gen yon ijans.
- Lè w ap vwayaje li enpòtan pou mete tout bèt kay ki pa twò gwo nan bagay transpò espesyal pou bèt kay.
- Jwenn yon Go Bag pou bèt kay epi mete bagay pou bèt kay ou a nan twous pou sitiyasyon ijan ou an. Mete yon foto koulè oumenm ak bèt kay ou ansanm, fotokopi dosye medikal ak dat tout vaksen bèt kay la pran, papey ki di se oumenm mèt bèt kay la, pyès didantite bèt kay la, yon kaj ki ka demonte epi yon bagay pou kouvri bouch bèt la ak yon lès.

Pou w resevwa yon kopi ti liv New York toujou pare pou bèt kay, rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115) osnon ale nan [www.NYC.gov/oem](http://www.NYC.gov/oem).



## KISA POU FÈ SI W VLE EDE



Depi fanmi w ak oumenm fè preparasyon nesèsè al ede lòt moun fè preparasyon epi refè apre yon sitiyasyon ijan.

### Kijan pou ofri sèvis ou :

Meyè bagay se pou rekonèt ki òganizasyon ki aksepte sèvis moun si ta gen gwo katastwòf.

- New York City's Citizen Corps Council se yon ajans santral pou gwo konpayi ki gen wòl enpòtan nan preparasyon, aksyon epi retabli tout bagay apre yon katastwòf. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite pou w ofri sèvis nan New York City, ale nan sit entènèt NYC Citizen Corps nan [www.NYC.gov/citizencorps](http://www.NYC.gov/citizencorps) osnon rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115).
- Community Emergency Response Teams (CERT) nan New York City, gen moun ki ofri sèvis e yo ede kominote ak lapolis ki fè preparasyon epi ki okipe si gen katastwòf. Pou pi plis enfòmasyon sou CERT, ale nan sit entènèt CERT la nan [www.NYC.gov/cert](http://www.NYC.gov/cert), osnon rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115).
- Sonje pa ale ofri sèvis ou nan konpayi sèvis, lopital oswa kote gen domaj si ta gen yon katastwòf. W ap jwenn enfòmasyon ke New York Cares genyen sou kote ou ka ale ofri sèvis ou nan sit entènèt [www.nycares.org](http://www.nycares.org) la.

### Kijan pou ofri kado lòt moun ta bezwen :

- Meyè mwayen pou ede moun se ofri lajan bay yon ajans sèvis k ap ede moun ki viktim yon katastwòf.
- Anvan w ofri anyen, sètadi manje oswa rad, tann ou resevwa enfòmasyon nan men leta a osnon al tcheke ak yon ajans espesyal. Bagay ki pa nesèsè ka yon pwoblèm pou moun k ap ofri sèvis e se nan fatra ajans lan ap mete tou sa yo pa bezwen.

## MEN YON LIS LÒT RESOUS SIPLEMANTÈ



**Federal Emergency Management Agency (FEMA) :** [www.fema.gov](http://www.fema.gov)

**U.S. Department of Homeland Security :**

800-BE-READY (800-237-3239) osnon [www.ready.gov](http://www.ready.gov)

**National Weather Service :** [www.weather.gov](http://www.weather.gov)

**New York State Emergency Management Office :**

518-292-2200 osnon [www.semo.state.ny.us](http://www.semo.state.ny.us)

**New York City Office of Emergency Management :**

[www.NYC.gov/oem](http://www.NYC.gov/oem)

**Mayor's Volunteer Center :** [www.NYC.gov/volunteer](http://www.NYC.gov/volunteer)

**American Red Cross in Greater New York :**

877-733-2767 osnon [www.nyredcross.org](http://www.nyredcross.org)

**Community Emergency Response Teams (CERT) :** [www.NYC.gov/cert](http://www.NYC.gov/cert)

**New York Cares :** 212-228-5000 osnon [www.nycare.org](http://www.nycare.org)

**Citizen Corps :** [www.NYC.gov/citizencorps](http://www.NYC.gov/citizencorps)

**The Salvation Army in New York :** [www.salvationarmy-newyork.org](http://www.salvationarmy-newyork.org)

**New York Blood Center :** [www.nybloodcenter.org](http://www.nybloodcenter.org)

## MEN ENFÒMASYON SOU ASIRANS

**FEMA :** 888-379-9531 osnon [www.Floodsmart.gov](http://www.Floodsmart.gov)

**New York State Department of Insurance :** 212-480-6400 osnon  
[www.ins.state.ny.us](http://www.ins.state.ny.us)

**Neighborhood Housing Services of NYC :** 212-519-2500 osnon  
[www.nhsnyc.org](http://www.nhsnyc.org)

**Insurance Information Institute :** [www.iii.org](http://www.iii.org)

## ENFÒMASYON POU PAPA, MANMAN AK TIMOUN

**Ready Kids (nan the U.S. Department of Homeland Security) :**

[www.ready.gov/kids](http://www.ready.gov/kids)

**New York City Schools :** [www.NYC.gov/schools](http://www.NYC.gov/schools)

## KIJAN POU PRAN KONTAK AK VIL LA



**911 : Pou ijans**

Rele nimewo 911 si w gen danje oubyen si w temwen yon krim k ap fèt.

Rele nimewo 911 si w gen gwo aksidan oubyen ou gen gwo pwoblèm medikal ki ka yon danje pou lavi w.

**Konsèy pou koutfil pou swen ijan :**

- Si w rele nimewo 911 la, li enpòtan pou di ki ijans ki genyen (dife, medikal, lapolis) e fòk ou pare pou reponn kesyon.
- Si gen ijans li enpòtan pou w sèvi ak telefòn sèlman si l nesèsè. Si w gen sèvis entènèt bwòdbann, ou mete ale nan [www.NYC.gov](http://www.NYC.gov).

**311 : Pou enfòmasyon sou New York City**

Rele nimewo 311 (TTY : 212-504-4115) lè w bezwen sèvis ki pa pou yon ijans epi si w bezwen enfòmasyon sou pwogram gouvènman New York City ap ofri. Pa rele nimewo 311 si w gen ijans. Nimewo menm ak 311 pou rele si w andeyò New York City se 212-NEW-YORK.

## KAT ENFÒMASYON POU SITIYASYON IJAN

### ÈNFÒMASYON SOU KONTAK OU YO AK PLAN OU TABLI

Non :

Dat nesans :

Nimewo telefòn ak adrès travay, lekòl ak lòt :

Konpayi travay, lekòl al lòt sant evakyasyon :

Asirans pwopriyete /lokatè kay :

Kote pou moun kay rankontre :

Kote pou moun kay rankontre nan vwazinaj la :

Kiyès pou rele andeyò New York :

### ENFÒMASYON MEDIKAL

Asirans medikal :

Nimewo asirans medikal la :

Non ak nimewo telefòn doktè yo :

Nimewo ak non famasyon an :